

**NOVEL REMBULAN NDHUWUR BLUMBANG ANGGITANE NARKO “SODRUN” BUDIMAN
(TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

Sholikhatul Fitriyah

Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
phy2t_blue@yahoo.co.id

Drs. Sugeng Wiyadi

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* iki kadhudhah kanthi tintingan sosiologi sastra Wellek & Warren kanggo nintingi prakara-prakara sosiologis kang ana sajroning novel. Panliten iki kalebu kritik sastra, nggunakake pendekatan intrinsik kanthi metode analisis teks. Metode analisis teks digunakake kanggo mangerteni strukture novel sarta kanggo mahami luwih jero ngenani gejala sosial kang ana ing sanjabane sastra. Asile panliten nuduhake yen novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* kalebu karya sastra realis, amarga salaras karo kanyatan kang nggambarake kahanan masyarakat ing jaman saiki yaiku ngenani panguripan sajrone rumah tangga sing nuwuhake prakara-prakara sosial yaiku wong lanang patrape kasar, ngopeni anak kuwajibane wanita, wong lanang nengeneke “okol” tinimbang “akal”, lan wong lanang ora ngajeni wanita. Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* migunani tumrap pamacane ing antarane minangka sarana hiburan, minangka sarana piwulang, lan uga sacara ora langsung menehi pituduh anane budaya patriachal jroning masyarakat Jawa.

Tembung wigati : novel, struktur naratif, sosiologi sastra, patriarki

PURWAKA

Kasusastran Jawa modern mujudake kasusastran sing kagolong anyar. Senajan isih kagolong anyar, nanging kasusastran Jawa modern ngasilake karya sastra warna-warna, salah sawijine yaiku novel. Novel mujudake reiptan sastra jinis gancaran kang mujudake asil imajinasi lan penghayatan pengarang ngenani masyarakate. Yen dibandhingake karo jinis gancaran liyane, upamane cerbung, novel ngandharake samubarang kanthi luwih bebas, nyuguhake samubarang luwih akeh, luwih rinci, lan ngemot maneka warna prakara kang luwih kompleks (Nurdiyanto, 2007:11). Panemu liyane ngandharake yen novel bisa nampilake crita kanthi dawa ngenani panguripane manungsa (Najid, 2009:22).

Akeh pengarang kang bisa ngasilake novel kanthi tema-tema sosial kang ana gegayutane karo prakara-prakara sajrone panguripan. Salah sawijine pengarang ing jagading kasusastran Jawa yaiku Narko “Sodrun” Budiman.

Narko salah sawijining pengarang kang bisa manfaatake kahanan sosial kang ana ing bebrayan kanggo ngripta karya sastra. Kahanan sosial kang ana ing bebrayan dicakake sajrone novel, kaya ta babagan ekonomi, katresnan, bale somah, lan sapanunggalane. Babagan kasebut bisa dideleng saka novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*, kang sateruse disingkat RNB.

Novel RNB ngandhut tema sosial yaiku prakara bale somah. Sajroning novel kasebut dicritakake ngenani congkrehe wong wis jejodhohan anggone ngrumat bale somah. Paraga kang wis jejodhohan lan wis nduweni anak anggone ngrumat bale somah iku ora ayem. Sajrone novel kasebut dicritakake apa wae prakara-prakara kang dumadi sajrone ora ayeme panguripane kulawarga kasebut. Ora ayeme sajrone ngrumat bale somah kasebut bisa ndadekake tuwuhing *Kekerasan Dalam Rumah Tangga* (KDRT) lan ndadekake priya lali minangka jejere *kepala rumah tangga*. Kahanan sing kaya mangkono nggambarake yen masyarakat Jawa anggone ngrumat bale somah nganut budaya paternalistik, yaiku wong lanang luwih kuwasa tinimbang wong wadon.

Kanyatan ngenani prakara bale somah uga bisa disemak jroning karya sastra. Sastra nampilake gegambaran panguripan lan panguripan kasebut dumadi saka kanyatan sosial (Wellek & Warren, 1990:109). Karya sastra minangka kaca benggala saka kadadéyan nyata sajrone panguripane manungsa, gegambarane masyarakat ngenani kahanan ing sakupenge, saengga sastra iku ora bisa uwal saka masyarakate. Bab kasebut bisa dideleng sajrone panguripan ing jaman saiki. Akeh wanita kang disiya-siya dening priya kanthi maneka warna prakara. Salah sawijine prakara kang kerep dumadi yaiku KDRT. KDRT yaiku sakabehing tumindak

kekerasan kang ditindakake dening sisihane (priya) marang garwane (wanita) sacara fisik, psikis, seksual, lan ekonomi.

Mula saka iku novel RNB narik kawigaten kanggo panliten amarga wis nate kapacak ana ing kalawarti basa Jawa lan isine nggambarake kahanan masyarakat ing jaman saiki. Mula trep yen novel kasebut ditindingi kanthi nggunakake tindingan sosiologi sastra, mligine sosiologi sastra saka Wellek & Warren. Sosiologi sastra ngandharake gegayutane antarane karya sastra lan panguripan sosial, kang dadi punjere yaiku apa kang sumirat sajrone karya sastra.

Adhedhasar lelandhesane panliten kasebut, bisa dijupuk underane panliten, yaiku (1) kepriye wujud novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*, (2) prakara-prakara sosial apa wae kang ana sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*, lan (3) apa pigunane novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*. Saka underane panliten kasebut, mula ancane panlitene yaiku (1) ngandharake wujud estetis novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*. Ing kene bakal dijlentrehake kepriye struktur naratif novel kasebut, (2) ngandharake isi estetis, prakara-prakara sosial kang ana sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*, lan (3) ngandharake apa wae pigunane novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kanthi objek karya sastra wis kerep ditindakake. Sadurunge panliten iki kaleksanan, wis ana sawetara panliten kanthi objek karya sastra nggunakake tindingan sosiologi sastra. Panliten kang saemper karo panliten iki ing antarane panlitene Memiati (2007) kanthi irah-irahan *Perselingkuhan Dalam Novel Jawa Modern (Pendekatan Sosiologi Sastra)*, asil panlitene mau, Memiati nemokake fakta yen tumindak slingkuh iku luwih onjo ditindakake dening paraga wanita. Panlitene Hartatik (2008) kanthi irah-irahan *Citra Guru Dalam Cerkak yang Dimuat Pada Majalah Panjebar Semangat Tahun 2006-2008 (Kajian Sosisologi Sastra)*, asil panliten iki nuduhake ngenani kalungguhane guru, patrape guru, kahanane guru, lan citrane guru. Dene panlitene Rian Damariswara (2012) kanthi irah-irahan *Kawicaksanan Jawa Sajrone Cerbung Waela Reriptane Ismoe Rianto (Tindingan Sosisologi Sastra)*, nggambarake patraping ngaurip lan kawicaksanane masyarakat Jawa sajrone panguripan saben dina, mligine sajrone bale wisma.

Panliten iki nggunakake tindingan sosiologi sastra saka panemune Wellek & Warren (sajrone Damono, 1978:3) kang ngandharake sosiologi sastra merkarakake karya sastra iku dhewe, kang dadi punjere yaiku apa kang sumirat sajrone karya sastra. Banjur uga disengkuyung tindingan struktural kanggo nindingi wujud novel RNB,

analisis struktur kang digunakake yaiku miturut panemune Nurgiyantoro (2007:37) menawa analisis ngenani struktur karya sastra bisa ditindakake kanthi cara ngidentifikasi, nindingi, lan njlentrehake unsur-unsur intrinsik.

Minangka nggunakake tindingan sosiologi sastra, RNB uga nengenake bab prakara sosiologis kang nggambarake anane patriarki saka panemune Kristiyanto (2005:88) kang ngandharake manawa patriarki minangka struktur masyarakat kang kakuwasane mesthi ana ing tangane wong lanang minangka pihak kang dominan, tegese wong lanang nguwasani wong wadon kanthi sawernaning cara lumantar sistem kasebut. Kanggo nafsirake pigunane novel RNB, digunakake panemune Horace (sajrone Wellek & Warren, 1990:316) kang ngandharake yen fungsi sastra minangka *dulce et utile*, tegese yaiku sastra minangka panglipur lan piwulang.

METODE PANLITEN

Sajrone Panliten *Novel Rembulan Ndhuwur Blumbang Anggitane Narko "Sodrun" Budiman Tindingan Sosiologi Sastra*, panliten iki kalebu pendekatan instrinsik. Adhedhasar saka pamawase Wellek & Warren (1990), pendekatan instrinsik yaiku pendekatan kang ngrembug unsur-unsur pamangun karya sastra. Pendekatan instrinsik nggayutake unsur-unsur kang ana sajrone karya sastra iku dhewe.

Metode kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metode analisis teks. Metode analisis teks yaiku metode kang digunakake kanggo njupuk dhata-dhata kang wis ana sajrone novel kanthi cara didheskripsikake. Metode analisis teks digunakake kanggo mangerteni strukture novel, banjur digunakake kanggo mahami luwih jero ngenani gejala sosial kang ana ing sanjabane sastra (Damono, 1978:2).

Sumber dhata panliten iki yaiku novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* anggitane Narko "Sodrun" Budiman. Novel iki diterbitake ing Yogyakarta dening Azzagrafika taun 2013 kang karakit nganti 167 kaca. Dene dhata kang digunakake sajrone panliten iki awujud frasa, ukara, lan paragraf kang trep karo underane panliten.

ANDHARAN

Ing bab iki bakal diandharake tindingan ngenani novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* anggitane Narko "Sodrun" Budiman. Prakara-prakara sing ditindingi yaiku wujud novel, dimensi sosiologis, lan pigunane novel.

1. *Rembulan Ndhuwur Blumbang* : Novel Realis

a. Manungsa Lumrah

Anisah paraga protagonis sajrone novel RNB mujudake aktifis kampus nalika dheweke isih kuliyah ing salah sawijine universitas kondhang jurusan akuntan. Saliyane iku Anisah uga mujudake penyanyi qasidah ing

desane. Anisah minangka putri pambarepe Kasan Sunar, asale saka desa Kemuning sing nduweni rupa ayu. Senajan Anisah mantan aktifis kampus tur nduweni rupa ayu, nalika dijodhohake dening wong tuwane karo Pur, dheweke manut.

Ayu, luwes, merak ati sang prameswari, mletikake esem saliring kang pait madu mring brayat agung ing pahargyan. Ah, Anisah pancen gawe cingaking para tamu. Apa iya sing disubya-subya ngakeh kuwi si Anisah, kembangan desa Kemuning kene? Begja kemayangan si jaka Purnomo, manten kakung kang kasil ngrengkuh si lencir Anisah kuwi. Sanajan ora nunggal pakaryan nanging mahanani umyege para tamu. Purnomo jejere Manager Pemasaran lan Anisah, mantan aktivis kampus lan penyanyi qasidah kuwi, pancen wis klop tenan. (Budiman, 2013:2-3).

Anisah nduweni sipat bekti marang bojone. Sipat bekti kuwi katon nalika salah sawijine dina Anisah diakon Pur ngumbah mobil, senjata ta kuwi dudu pegaweyane wong wadon. Kanggone Anisah ngumbah mobil iku dudu pegaweyan sing abot, amarga dheweke wis kulina nyambut gawe abot kaya ngumbah klambi sadurunge ana mesin cuci, kurah-kurah gelas lan piring nalika ana slametane Mbah Gino.

Anisah manut apa jare Pur. Mobil dikumbah neng omah ateges Anisah dhewe sing ngumbah. Sabisa-bisane mobil kuwi dikumbah neng latar ngarep. Cedhak garasi. Kanggone Anisah dudu barang sing abot yen ngumbah mobil wae. Dheweke wis kulina umbah-umbah klambi akeh nalika durung ana mesin cuci. Dheweke kulina kurah-kurah piring lan gelas sing akeh cacahé, nalika wong tuwane nylameti Mbah Gino, simbahe. (Budiman, 2013:80).

Minangka bojo, Anisah nampa sakabehing apa sing diwenehake Pur marang dheweke kalebu nampa dhuwit blanja sing pas-pasan. Nanging miturut Pur kuwi isih turah-turah.

Anisah meneng cep klakep. Bener Pur menehi dhuwit saben minggune satus seket ewu., ateges sabendina selawe ewu. Total sesasi nem atus ewu. Akeh. Anisah ngrumangsani yen ora duwe kasil apa-apa. Nanging Pur ngijir jare wis turah-turah. Aduh, gek turahe pira? Jajane Faza sabendina ora kurang saka sepuluh ewu. Ngge blanja pawon limang ewu wis ngempet (.....) (Budiman, 2013:41-42).

Kosok baline, Purnomo mujudake paraga antagonis lan nduweni watak ala, kalebu marang Anisah, bojone. Purnomo digambarake yen dedege dhuwur, awake sedhengan, ora lemu lan ora kuru banget, pakulitane ireng tur rambute lurus. Gegambarane Purnomo sing kaya mangkono mujudake kekudangane simboke Anisah. Asrini, simboke Anisah, pengin yen Anisah rabi mbesuk oleha jodho priya kang jlenggreng kaya mangkono. Sapa sing ngira, jebul kekarepane simboke Anisah kuwi kawujud. Anisah rabi karo Purnomo.

(.....) dedege Purnomo sing dhuwur, awake sedhengan, ora lemu apa ora kuru banget. Pakulitane ireng. rambute lurus (ora brintik) cocok kaya kekudangane Lik Asrini biyen bisaa Anisah rabi karo wong lanang sing rambute lurus. Rambut kuwi nggambarake watak wantune pawongane (kuwi panemune Lik Asrini). Rambut brintik kuwi jare cupet nalare, gampang nesu, nalare kurang apik. Beda karo sing rambut lurus. Mlakune ya lurus, ora seneng nyleweng. Pikirane ya lurus, dlujur ae! (Budiman, 2013:20).

Nalika jejodhohan karo Anisah, Pur minangka bojo sing patrape sawiyah-wiyah. Mobil sing rusuh dikon ngumbah Anisah, ora dicucekake menyang cucian mobil. Kejaba kuwi, Pur uga cubriya marang Anisah. Anisah disujanani njupuk dhuwit tabungan asile adol iwak lele, banjur dheweke dipularasa dening Pur.

Watak royale Pur katon nalika dheweke ana ing sawijine cafe diladeni purel jenenge Metty. Metty ing bengi kuwi wis disewa dening Pur kanggo ngancani lan ngladeni Pur.

Adate sawengi Metty saguh ngladeni tamu-tamune nganti telung wong. Kaya bengi iki. Yen mengko teka wektune Pur ora mbutuhake *servis plus*, Metty bakal ninggalke Pur. Amarga wis *dibooking*. Kajaba yen Pur gelem ndhaftarke dheweke ing bagian *resepsionis* lan gelem mbayari saregane *servis plus* Metty ora bakal *cabut* saka meja nomer 9 iki. (Budiman. 2013:73)

Kanggo nutupi wewadine sasuwene iki, Pur goroh marang Anisah magepokan karo pegaweyane. Sawijine dina nalika Pur dirumat ing rumah sakit, ana wong lanang loro saka kepolisian arep nangkup Pur jalaran kena pengedaran sabu-sabu ing kutha Blitar.

Paraga liyane kang nyengkuyung yaiku Jatmiko, juru potret profesional sing motret Anisah nalika

temantenan karo Purnomo wiwit adicara petung singsetan, tukar cincin, akad nikah nganti sadurunge temu manten.

Ora tekan kono wae anggone Miko motret Anisah lan Purnomo. Anisah njaluk dipotret Miko ing kamar karo Pur. Sawise dipotret, Pur metu saka kamare saprelu menyang mburi. Sapungkure Pur metu, Anisah lan Miko tumindak saru sajrone kamar kasebut.

Pancen sadurunge kuwi Anisah nduweni sesambungan tresna karo Jatmiko, kawiwitan nalika ketemu ana pendhapa kabupaten. Nanging sambung asmara kuwi pungkasané pedhot jalaran Anisah dojdohake karo Purnomo dening simboke. Sawetara wulan sawise pedhot karo Jatmiko, Anisah ora mangerteni ing ngendi dununge juru potret iku. Anisah dhewe nyoba nglalekake Jatmiko.

(.....) Malah sajake Anisah uga wis ora kober ngretakne Mas Miko, si juru potret idolane. Embuh, saiki piye kabare Mas Miko, lan ana ngendi dununge. Kekarone sajake wis bisa napakake dalane panguripan dhewe-dhewe. Kamangka biyen sasuwene luwih saka telung taun kelet, reruntungan, kaya bakal urip sajodho. (Budiman, 2013:21).

Sawise iku, Jatmiko muncul nalika Anisah anggone omah-omah karo Purnomo tuwuh konflik. Senajan mangkono, anggone sesambungan ora nganti kebablasan jalaran Miko isih nduweni etika. Sapatemon antarane Anisah lan Miko ora liya mung kanggo nyuntak rasa kapang lan Anisah nyritakake lelakon urip sing wis dilakoni dheweke nalika rumah tangga karo Pur.

Anisah mesem. Kekarone mbalang esem. Miko kepingin ngrangkul wadon memaniking ati kuwi. Emane keletan meja. Senomo uga Anisah. Ana pepinginan sing emane wektu iki durung bisa disembadani. Ing perangan awake ana kulit sing krasa gatel yen cedhak Miko. rasane ora bisa mari yen ora ditambahi Miko sarana dielus-elus tangan Miko sing ana wulune kuwi. emane isih ana jarak. Jarak kang sejatine dudu pepalang (Budiman, 2013:137).

Jadmiko mujudake paraga tambahan protagonis jalaran dheweke mbiyantu reruwetane Anisah sajrone rumah tanggane anggone ngadhepi Purnomo sing sawiyah-wiyah marang dheweke.

Kejaba Jatmiko, uga ana paraga Septiani saka Srengat, Blitar, digambarake minangka wanita ayu kang nduweni rambut rada dawa, kulite mrusuh, irunge mbangir, mripate kang blalak-blalak. Septiani yaiku ora liya wanita simpenane Purnomo.

Ing njaba kutha kana Pur lagi wae metu saka mobile. Ing sangarepe swalayan Betamart. Ing sisihe ana wadon kulit mrusuh, klambine kuning kembangan. Rambute rada dawa. Mbangir irunge. Mripate kang mblalak-mblalak sajak ora rewes karo kahanan sakiwa tengene. Ayem, anteng lan merak ati. (.....) Wetenge kang katon rada njendhul kuwi wis ngarani yen ana njerone isi calon bayi. Paling ora umur patang wulan. (Budiman, 2013:36).

Anggone sambung peteng karo Purnomo njalari Septiani kuwi ngandut patang wulan. Septiani lila masrahake kehormatane marang Pur jalaran sakabehing kabutuhane dicukupi dening Pur. Rupa ayune Septiani ngluwihi Anisah sing ndadekake Pur ora kelingan marang kulawargane. Sing ana ing pikirane mung Septiani, sing gawe peteng jagade Pur lan jabang bayi sing ana ing njero wetenge Septiani.

b. Lelakon Sambung-Sinambung

Novel iki diwiwiti saka bab siji kang diwenehi judhul “Rembulan Tanggal Siji” nyritakake neningkahane Anisah lan Purnomo. Ing wiwitane crita ora dicritakake luwih dhisik mula bukannya Anisah lan Purnomo kuwi jejodhohan.

Sateruse isih ning bab siji, uga dicritakake yen Anisah iku wis suwe anggone tepung karo Jatmiko. Malah kekarone nate ngronce talining asmara. Kekarone ketemu nalika Anisah nyanyi karo grup qasidahe ing pendhapa kabupaten.

Jatmiko, jaka bagus, rambut rada brintik kuwi dikenal nalika Anisah nyanyi karo grup qasidahe neng pendhapa kabupaten kae. Miko sing melu dadi panitia bagian dokumentasi kuwi kasil nyedhaki dheweke. Diwiwiti saka guyon parikena. Dhasar Anisah sing mwektu kuwi nganggo kerudhung abang, nambahi lan ayune, dadi fotomodhele Miko sing pancen fotografer profesional. Nganti bubar acara saka kabupaten kuwi, sapatemon sateruse tumekane padha nalení lan nyingseti suh katresnan. (Budiman, 2013:10-11)

Saka bab siji iku wis ndadekake pamacane penasaran ngerteni kepriye crita sateruse. Yagene Anisah kang sakawit wis sambung tresna karo Jatmiko nanging wekasane nikah karo Purnomo, jebul dijdohake dening Lik Trimah lan Mukiyo awit saka panjaluke Kang Pono, wong tuwane Purnomo. Sejatine sadurunge Kang Pono ngakon supaya nggolekake jodho kanggo Pur, Lik

Trimah lan Mukiyo dhewe wis nduweni krenteg kanggo nggathukake kekarone.

Rancangan ngomah-omahke Pur karo Anisah pancen wis dadi niat krentege Mukiyo lan Trimah. Wong sajodho kuwi gedhe tekade, tansah mbudidadya murih kasile. Mula nalika Mukiyo diakon nandangi garapan gawe gawang jendhela neng omahe Kang Pono ora usah ndadak prentah kaping pindho (.....) (Budiman, 2013:13).

Sawise nyritakake ngenani bab jejodhohan antarane Anisah lan Purnomo, ing bab “Rembulan Tanggal Loro” dicritakake lelakon kepungkur yaiku Purnomo dikancani Mukiyo merdhayoh menyang omahe wong tuwane Anisah saprelu nonton Anisah. Nalika kuwi, sapungkure Pur, Anisah sajak ora seneng marang Pur. Nanging pungkasan Anisah gelem nampa Pur banjur omah-omah nganti duwe anak siji lan rumah tanggane wiwit ngalami gonjang-ganjing. Konflik sajrone rumah tangga kasebut diwiwiti saka Purnomo kena PHK.

Jalaran kena PHK, ndadekake rumah tanggane Anisah lan Pur krasa anane owah-owahan sajrone ngadhepi panguripane. Saiki Purnomo luwih sensitif lan kasar, kalebu marang Anisah lan Faza. Sajrone rumah tanggane Anisah lan Purnomo tansaya suwe akeh pacoban.

Ing sawijine dina, Purnomo bar ditelpon Mas Bakir sing ana ing Blitar. Dheweke dijak kerja bareng mbukak usaha toko distributor HP. Pur langsung sarujuk marang pangajake Mas Bakir tanpa njaluk pasarujukan saka Anisah.

Wiwit wektu kuwi Pur kerep ora mulih lan Anisah ora ngerti apa kang ditindakake Pur. Kandhane Pur marang Anisah kuwi nyambut gawe. Kaya biyasane, saben teka Pur langsung njujug kamar banjur turu. Saben ditakoni Anisah, wangsulane mesthi ora maremake ati. Sawijining dina Purnomo nelpun Anisah, ngabari yen countere kuwi tansaya laris. Minangka bojo, Anisah bungah lan pengin tilik menyang Blitar, nanging dipenging dening Pur kanthi kasar.

“Iya peneran ta Mas, suk Minggu esuk Faza takjake mreng?” Anisah nanggapi mongkoge Pur kanthi ulat dipadhangake, najan satemene Pur ora weruh kepriye mungguh rupane Anis wektu ngomong kuwi.

“ Minggu kapan? Ora usah! Kontere taktutup, Nis.”

“Lho kok..?”

“Wis, ra sah takon nyapa kok tutup. Tutup kuwi ya ora bukak. Titik!” swarane Pur srengeng.

“Nanging Mas, aku kepingin ketemu keluargane Mas Bakir.” Anisah wegah kalah.

“Arep nyapa? Dikandhani ora usah ya ra usah! Aja ngeyel!” Pur luwih kereng. (Budiman, 2013:28-29).

Patrape Purnomo sing ora gelem jujur marang Anisah ora mung tekan kono wae. Nalika Pur adol lele lan lele kuwi ditebas dening Kang Bandi, dhuwit oleh-olehane kang jumlahé yutan rupiah iku ora diwenehake Anisah. Dhuwit kasebut dening Purnomo malah digunakake kanggo nguja seneng karo kanca-kancane ing cafe. Saliyane kuwi dhuwit kasebut uga digawa menyang Blitar tanpa dimangerteni dening Anisah. Sejatine ing kutha Blitar, Purnomo nduweni slingkuhan jenenge Septiani.

Perangan pungkasan alur crita iki pamaca diwenehi surprise dening Narko. Nalika Pur dirumat ing rumah sakit, ana polisi loro sing arep nangkap Pur jalaran dheweke dadi pengedar sabu-sabu ing Blitar. Saka katrangan iku bisa dimangerteni yen crita iki asipat *sad ending*.

Saakehe andharan ing ndhuwur nuduhake yen alure novel RNB sing baku alur maju, progresif, linier. Nanging uga kesisipan alur mundur ing perangan ngarep kang nyritakake mula bukannya anane sesambungan antarane Anisah lan Jatmiko. Saliyane iku uga nyritakake mula bukannya Anisah lan Purnomo jejodhohan.

c. Saka Pegaweyan Nganti Gendhakan

Konflik sajrone novel RNB kuwi werna-werna, ana konflik internal lan eksternal. Kawiwatan konflik internal antarane Anisah lan Purnomo jalaran watake Pur sing sawiyah-wiyah marang Anisah. Sawijine dina, Pur tumindak kasar marang Anisah jalaran Pur mangerteni buku tabungan lan ATM-e ana ing sangisore kasur, dheweke langsung nesu. Wektu kuwi Anisah ana ing omahe wong tuwane banjur dipeksa Pur mulih menyang omahe dhewe.

“Mulih! Ayo mulih!” swarane Pur nesu.

“Mas?”

“Ra usah takon! Ayo mulih!!” pangajake Pur kasar. Tangane ngglandhang lengene bojone banter. Anisah sing ora ngerti kenthang-kimpule disendhal-sendhal lengene. Faza meh uwal saka gendhongane.

“Mas! Ana apa iki?” takone Anisah semu njerit.

“Mengko teka ngomah ae!” tangane sing pengkuh kuwi nggeret bojone. (Budiman, 2013:103).

Pethikan kasebut nggambarake yen crita kuwi ora runtut lan dipedhot-pedhot saengga nuwuhake pitakonan tumrap pamacane, ana kadadeyan apa maneh sawise Anisah mulih saka omahe wong tuwane.

Sikap kasare Pur marang Anisah uga katon nalika Anisah lan Pur regejegan jalaran Anisah dianggep kliwat anggane nguja Faza. Pur ora seneng yen Anisah nguja Faza.

Patrape Pur sing kasar marang Anisah lan Faza mung kanggo nutupi kekurangane Pur lan tumindake Pur sing ora bener. Konflik internal uga katon nalika Anisah lan Purnomo ngrembug ngenani dhuwit blanja. Anisah mung diblanja pas-pasan dening Pur. Nanging Pur ngijir jare wis turah-turah. Kanggo nyukupi kabutuhane saben dina, Anisah nyambi adol pakaian ing sekolahane Faza.

“Bu guru kene ki apikan, Mbak Anis. Wis ta, aja samar. Dijamin ora ana larangan. Wong ra ngganggu bocah sekolah ae kok.” Mbak Atun ng yakinake Anisah sing mung menang ae.

Anisah durung bisa aweh wangsulan. Durung bisa menehi kepastiane. Dagangane kuwi didhasarne meja neng emperan sekolahan apa neng njero kelas. Apa kaya biyasane panggah methangkronk neng sadhel motore. (Budiman, 2013:94).

Sikape Pur sing sawiyah-wiyah marang Anisah jalaran kena daya pangaribawa saka konflik eksternal kang dumadi antarane Purnomo karo kahanan sanjabane rumah tanggane. Pur kena PHK jalaran reregan property bangunan padha mundhak saengga ana penyusutan karyawan. Konflik eksternal kasebut ndadekake anane owah-owahan sajrone panguripane.

Sawijine dina, Pur ditelpon Mas Bakir dijak kerja sama mbukak usaha toko distributor HP. Dheweke langusng sarujuk marang pangajake Mas Bakir tanpa njaluk pasarujukan saka Anisah. Wiwit nyambut gawe, Pur kerep ora mulih. Anisah ora mangerteni apa sing ditindakake Pur. Sangertine Anisah, pur kuwi nyambut gawe. Jebule usaha toko distributor HP kuwi mung dienggo samudana wae jalaran ing kutha Blitar Pur nduweni slingkuhan sing jenenge Septiani.

Sikape Pur sing ora jujur marang Anisah ora mung tekan kono wae. Nalika Pur adol iwak lele sablumbang, dhuwit asile adol lele kuwi ora diwenekake marang Anisah. Malah dhuwit kuwi dienggo nguja seneng karo kanca-kancane. Saliyane iku uga dienggo mblanja Septiani. Dene Anisah ora diblanja dening Pur, nganti dheweke nyambi adol pakaian ing sekolahane

Faza sabubare bocah-bocah mulih sekolah kanggo nyukupi kabutuhan saben dinane.

Prakara sing ditulis dening Narko kuwi kompleks, amarga prakara siji lan sijine tansah gegayutan saengga bisa narik kawigatene pamaca. Wiwit prakara Purnomo kena PHK nganti tumindake Purnomo sing sawiyah-wiyah marang Anisah.

Sapatemon antarane Anisah, Purnomo lan Septiani ing rumah sakit mujudake klimaks saka prakara-prakara sing diwangun sadurunge. Nalika Anisah menyang rumah sakit lan arep mlebu kamare Pur, Anisah kaget weruh Pur lagi omong-omongan ngganyik karo wanita sing lagi ngandhut. Pranyata kuwi Septiani, slingkuhane Purnomo. Mangerteni bab kasebut, Anisah ora bisa kumecap apa-apa. Siraha dirasa abot mangerteni lelakon sing kaya mangkono.

Sapungkure kadadeyan sing ngobongke atine Anisah, ana pawongan loro sing mlebu ing kamare Pur. Jebule pawongan loro kuwi saka kepolisian. Polisi kasebut arep nangek Pur amarga dheweke kena kasus peredaran sabu-sabu ing kutha Blitar.

“Alhamdulillah nek sampun saras, Bu lan Pak Pur, mboten usah kaget. Kula saking kepolisian. Menika surat tugas kula,” kandhane Andi.

Mesthi wae Anisah kaget. Ora ngerti apa-apa kok ana tamu nuduhke layang tugas penangkapan.

“Maksud bapak-bapak menika priapun?” Anisah isih wani takon. “Lepat menapa?”

Bambang wis ngrangket Pur. Pur ora suwala. Sajak pasrah bongkokan.

“Pak Pur badhe kabeta dhateng kantor polisi saperlu disuwuni katrangan, magepokan kaliyan peredaran sabu-sabu ing Blitar. Mangga serat menika katandhatangani, Bu.” (Budiman, 2013:165).

Perangan kuwi nuduhake klimaks saka prakara-prakara sadurunge. Konflik eksternal sing dialami dening Purnomo mujudake konflik sing katon sacara nyata. Saben crita mesthi nuwuhake konflik, saupama sawijiing crita ora nuwuhake konflik mula crita kasebut ora bisa nuwuhake rasa penasaran tumrap pamacane.

Konflik matumpuk-tumpuk sing dialami dening pasangan Anisah lan Purnomo, mahanani novel RNB krasa seseg neng dhadha tumrape pamaca. Konflik tansah susul-sumusul lan sambung-sinambung kaya ora ana enteke. Bab iku nuwuhake rasa simpati marang Anisah, kosok baline nuwuhake rasa antipati marang Pur. Konflik eksternal lan konflik internal akumulasi ndadekake konflik rumah tanggane Anisah lan Purnomo

saya ruwet. Wiwit saka ngarep tekan mburi, novel iki tansah nampilake suspense.

d. Papan, Wektu, lan Kahanan

Kaya novel-novel umume, kelir sajrone novel RNB bisa kaperang dadi telu, yaiku kelir panggonan, kelir wektu, lan kelir sosial budaya.

Gegambaran kelir panggonan sajrone novel iki ora mung sapanggonan wae. Sacara umum, papan panggonan sing digunakake ing novel RNB awujud kutha yaiku Tulungagung, Blitar, lan Malang. Anggone Narko nyritakake kelir panggonan kasebut mung sagebyaran wae. Kanggo nyritakake papan dununge kulawargane Pur, pengarang nggunakake kelir panggonan Tulungagung.

Semono uga nalika nyritakake anggone Pur mbukak usaha distributor HP sawise dheweke kena PHK. Kutha Blitar iki digunakake kanggo nyritakake anggone Pur miwiti kahanan ekonomine sing sasuwene iki ngalami owah-owahan.

Sajrone crita iki uga nggunakake kelir kutha Malang. Ing kene pengarang uga nyritakake mung sagebyaran wae nalika Pur lan Septiani arep tumuju menyang Malang saprelu golek mangan.

Saliyane kuwi ing novel iki pengarang uga nggunakake kelir panggonan sing khusus, kayata omah, cafe, depot, sekolah, warung lesehan Dewi Ratih, lan rumah sakit. Papan panggonan kasebut dicritakake luwih njlimet. Papan panggonan crita RNB sing kawiwitan yaiku ing omah. Kelir panggonan omah digunakake nyritakake lelakone panguripane pasangan Anisah lan Purnomo sing kebak konflik. Kahanane omah mung digambarake yen ing tegalan ngarep omah ana tanduran rambutan.

SORE. Langit kulon katon pdhang. Semburat cahyane nrobos sela-selane pangpange rambutan kang tinandur ing tegalan ngarep omah. Ora keprungu ocehe manuk trocok lan kepodhang kang adat biyasane pating trocoksesautan saka kurungan sing dicantholake pang rambutan. Sejatine dudu kelase Pur mantan manajer pemasaran perusahaan property nomor wwahid ing Tulungagung duwe ingon-ingon pethetan wujud manuk trocok lan kapodhang! (.....) (Budiman, 2013:23)

Semono uga kelir panggonan sing kapindho, Narko nggunakake kelir panggonan cafe kanggo nyritakake anggone Pur nguja seneng karo kanca-kancane ing Cafe Kresno & Resto.

Kelir panggonan depot digambarake kanthi cetha dening Narko. Ing kene nyritakake Purnomo lan Septiani andhok ing depot makanan khas Jawa sing dununge ana

ing Kertanegara. Sajrone depot kondhang kuwi digambarake yen papan panggonane kuwi romantis, regane uga kalebu murah lan rasane uga mirasa.

Kanggo nyritakake tepunge Anisah lan Jatmiko, Narko nggunakake kelir sekolah TK sing ana ing desa Kauman. Tepunge Anisah lan Jatmiko jalaran wektu kuwi Jadmiko ana jadwal motret bocah-bocah TK.

“Anisah??!” Suwarane Miko nalika Anisah nguwaske dheweke.

Kekarone, Miko lan Anisah kaget banget. Ora ngira yen bakal ketemu ana kene. Pangirane Miko, Anisah nyekolahne anake menyang TK plus utawa TK Favorit ing kutha Tulungagung. Jebul ing Kauman kene. Anisah malah ora ngira babar pisan bakal ketemu Miko. Sing dirembugne wong-wong mau saiki wis kejawab. Jebul Miko! (Budiman, 2013:119).

Saliyane iku, uga nggunakake kelir rumah sakit sing digunakake kanggo nyritakake tepunge Anisah lan Septiani. Nalika arep mlebu menyang kamare Pur, Anisah kaget weruh tangane Pur ditumpangake wetenge Septiani sing gedhe kuwi. Kobong atine Anisah meruhi kahanan kuwi, pranyata wanita sing nate dicritakake Miko nalika ing warung lesehan Dewi Ratih kuwi jebule slingkuhane bojone.

Gegambarane kelir panggonan kang ngolah-ngalih njalari novel katon urip, dinamis ora statis. Semono uga kelir panggonan sing asipat khusus kagambarake kanthi detil saengga menehi gegambaran kang konkret tumrap pamacane.

Kelir wektu novel RNB mbutuhake wektu sasuwene nem taunan kanggo mangerteni punjere perkara sajrone rumah tanggane Anisah lan Purnomo. Kelir wektu ing kene diwiwiti nalika Anisah lan Purnomo dadi manten. Nanging anggone nyritakake babagan kuwi uga disisipi flashback kanggo nyritakake tepunge Anisah lan Jatmiko. Semono uga nalika Purnomo njaluk tulung Lik Trimah digolekake bojo.

Wis ginaris yen Anisah lan Purnomo kuwi pancen jodho. Jejodhohan antarane Purnomo lan Anisah wis lumaku nganti patang taun, nganti Anisah ora kober anggone ngretakake Miko, tilas pacare biyen.

Pancen wis ginaris, manungsa bisa ngrancang, nanging Gusti Kang Akarya Jagad sing nemtokake. Niyat angen-angene Anisah sing arep ngladeni Purnomo mung sapagut nyatane kok nganti luwih saka patang taun. Nganti jumedhul Purnomo junior, si Raditya Yanuar Faza. Malah sajake Anisah

uga wis ora kober ngretakake Mas Miko, si juru potret idolane. (Budiman, 2013:21).

Manungsa sing wis omah-omah mesthi ana wae prakara-prakara sing dumadi sajrone rumah tangga. Semono uga jejodhohan antarane Anisah lan Purnomo. Kekarone anggone ngrumat rumah tanggane kuwi ora ayem saengga nuwuhake prakara-prakara. Prakara kang tuwuh sajrone rumah tanggane diwiwiti saka Purnomo sing kena PHK. Jalaran kena PHK, Purnomo luwih sensitif lan egois marang Anisah lan Faza. Saliyane kuwi, tumindake Pur sing sawiyah-wiyah marang Anisah nganti dheweke ora diajeni minangka bojone. Semono uga si Faza, sikape marang Faza ora nuduhake sikap kang samesthine wong lanang minangka bapak.

Novel iki mbutuhake wektu sing dawa, yaiku nem taunan. Sajrone crita iki nyritakake kadadeyan-kadadeyan apa wae sing dumadi nganti pungkasaning crita nanging ora nyritakake sakabehing kadadeyan-kadadeyan kang dumadi tumrap paraga-paragane. Ing kene mung dipilih kadadeyan-kadadeyan tartamtu kang dramatik-fungsional lan nduweni gegayutan karo plot utawa alur.

Kelir sosial budaya bisa menehi gambaran marang panguripan sosial budaya sing ana gandheng cenenge karo panguripane paraga baku lan paraga tambahan sajrone crita. Sajrone novel RNB nggambarake kelir sosial budaya dagang lan tani. Semono uga nggambarake panguripane masyarakat Jawa padesan sing isih ngugemi paribasan.

Kelir sosial budaya dagang digambarake marang kulawargane Anisah lan Purnomo. Purnomo dagang diwiwiti nalika dheweke kena PHK lan ngalami owah-owahan sajrone panguripane. Kanggo ngowahi perekonomian sajrone kulawargane, Pur mbukak usaha distributor HP seluler kerja sama karo Mas Bakir. Tansaya suwe usaha kasebut saya rame, nganti Pur lali minangka jejere kepala rumah tangga. Dheweke uga kerep ora mulih.

SAJAKE Pur rumangsa oleh papan sing cocok. Njaga tokone sing saben dina tansaya rame. Usaha ponsel jamane saiki kaya bakul kacang goreng ing tontonan wayang kulit. Latis manis. Saking larise Pur kaya-kaya lali ngomah.

“Ra umum tenan, Nis. Ora mung bocah nom-noman sing nyerbu konterku, wong tuwa lanang wadon uga akeh,” kandhane Pur ana tilpun nalika Anisah awan kuwi nyoba ngretakne. (.....) (Budiman, 2013:28)

Sajrone novel RNB uga nuduhake kelir sosial budaya tani ing masyarakat Jawa. Babagan kasebut digambarake dening paraga Kasan Sunar, bapak Anisah. Kasan Sunar ngopeni sawah jalaran bisa kanggo hiburan. Sadurunge ngopeni sawah, Kasan Sunar ngingu iwak lele ing blumbang mburi omah.

Kasan Sunar biyen, nalika cilikane Anisah lan Rini, wis tau ngingu iwak lele konsumsi. Blumbange ana telung panggonan sing siyap diiseni winih. (.....) Mbok Asrini uga sajak menging. Ngeman tenagane sing lanang. tambah dina tansaya tuwa. Ora tambah rosa ning tansaya risih. Aluwung dianggo ngopeni sawah wae, ngiras kanggo hiburan. Bisa ketemu kanca-kanca tani (.....) (Budiman, 2013:62-63)

Saliyane nggambarake sosial budaya dagang lan tani, ing novel iki pengarang uga nampilake paraga-paraga kanthi nggunakake jeneng sing nuduhake masyarakat Jawa urip padesan, upamane jeneng Trimah, Mukiyo, Pono, Kasan Sunar, lan Asrini kang isih salaras karo kelir sosial budaya padesan. Masyarakat Jawa sing urip ing padesan umume isih ngugemi unen-unen Jawa jalaran sajrone unen-unen kasebut ngandut filosofi kang didadekake pedoman ngaurip.

Novel RNB nggambarake kahanan panguripane masyarakat Jawa padesan kanthi sosial budaya dagang lan tani. Semono uga anggone ngugemi unen-unen Jawa sing didadekake pedoman ngaurip. Anggone Narko nyritakake babagan kasebut, kelir panguripan Jawa kaya unen-unen lan sosial budaya Jawa ora ditinggalake dening pengarang, jalaran pengarang uga urip ing lingkungan masyarakat Jawa.

e. Bebrayan Kebak Rubeda

Novel RNB nyritakake lelakone Anisah kang dijodhohake dening wong tuwane karo Purnomo, manager pemasaran property kondhang sa-karesidenan Kediri, senajan kudu nglalekake Jadmiko, si juru foto profesional kang wis luwih dhisik ngisi atine. Sakawit Anisah anggone omah-omah karo Purnomo kuwi harmonis, ora nate regejegan, apa maneh bareng duwe anak sing diwenahi jeneng Raditya Yanuar Faza. Nanging jebule Purnomo nduwe watak ala sing tundhone dadi sandhungan anggone bebrayan.

Nganti sawijining dina, Pur di PHK dening perusahaan jalaran dolar mundhak, material bangunan mundhak, lan reregan property uga mundhak, saengga ndadekake krisis ekonomi. Bareng saiki Purnomo kena PHK wiwit krasa anane owah-owahan sajrone ngadhepi lakon panguripan. Wiwit nganggur kuwi Pur luwih gampang nesu karo sapa wae kalebu marang Faza, anake kang isih umur 5 taun.

Semono uga tumrap Purnomo saiki luwih sensitive lan egois. Babagan sepele wae, tuladhane Faza ngajak mlaku-mlaku neng alun-alun wae Purnomo wis nuduhake watak asline. Kepengine kaya biyen, tansah oleha kawigaten khusus saka bojone kaya dhek abene. Anisah kudu luwih peduli marang dheweke tinimbang anake (Budiman, 2013:22).

Pur luwih gampang nesu lan luwih sensitif kalebu marang Faza jalaran dheweke pengin oleh kawigaten saka Anisah. Kekarepane Pur yaiku Anisah kudu luwih nggatekake dheweke tinimbang anake. Yen wis nesu kaya mangkono, Pur mesthi nuduhake watak asline.

Bareng Pur saiki nganggur, perekonomian sajrone rumah tanggane tansaya seret, saengga ndadekake Pur lan Anisah kerep regejegan. Kanggo ngowahi perekonomian sajrone kulawargane sing ora stabil, Pur usaha toko HP ing kutha Blitar kerja sama karo Mas Bakir.

Anisah ora ngerteni yen Pur arep mbukak usaha toko HP amarga Pur ora njaluk pasarujukane Anisah. Nanging sejatine Anisah wis krungu ngenani pirembugane Pur lan Mas Bakir ngenani usaha toko HP ing kutha Blitar. Nalika Pur ditakoni Anisah ngenani usaha toko HP-ne, Pur malah nesu-nesu. Sawijine dina nalika Pur ana ing Blitar, Anisah pengin dolan mrono nanging dipenging dening Pur. Jebule ing kono Pur duwe slingkuhan.

Apa maneh yen weruh dheik ing pipi kiwane, Pur poyang-payingan. Ora ana klebate Anisah, bojone. Ora katon playu lan jerit ngaleme Faza anak tunggale. Sing ana mung esem lan ngaleme wadon aran Septiani kuwi. Sing ngreridhu batine mung calon jabang bayi sing ana kandhutane Septiani (Budiman, 2013:37).

Bisa dimangerteni yen Pur kuwi minangka kepala kulawarga ora tanggung jawab. Kudune dheweke nyukupi kabutuhane kulawargane, amarga sasuwene iki dheweke ora tau menehi dhuwit blanja turah marang Anisah.

Anisah kepeksa adol pakaian jalaran dheweke diblanja pas-pasan dening Pur kang ndadekake Anisah mandhiri. Miturut Anisah adol konveksi minangka pegaweyan kang halal. Dhuwit asile adol konveksi kuwi bisa digunakake kanggo nyukupi kabutuhan saben dinane.

Konflik tuwuh maneh nalika Pur dirumat ing rumah sakit. Sawijine dina ana pawongan saka kepolisian arep nangkep Pur jalaran kena kasus pengedaran sabu-sabu ing kutha Blitar.

“Pak Pur badhe kabeta dhateng kantor polisi saperlu disuwuni katrangan, magepokan kaliyan peredaran sabu-sabu ing Blitar. Mangga serat menika katandhatangani, Bu.”

Anisah ngowel. Bab sabu-sabu. “Mas Pur sanes blandar sabu-sabu Pak. Mboten nate ngganja”, pambelane Anisah. (Budiman, 2013:165-166).

Bisa dimangerteni yen novel RNB ngangkat tema konflik rumah tangga jalaran beda watak antarane Anisah lan Purnomo. Pur kuwi watake kasar, slinthat-slinthut, egois, lan ora gelem diajak komunikasi. Dene Anisah watake alus, tinarbuka, nriman, lan gelem diajak komunikasi. Bedane watak antarane Anisah lan Pur ndadekake tuwuhing maneka warna prakara sajrone rumah tanggane. Prakara-prakara sajrone novel mujudake prakara kang kerep dumadi ing kanyatan. Prakara-prakara kang tuwuh ndadekake anggone ngrumat rumah tangga kuwi ora ayem.

2. Dimensi Sosiologis

Dimensi sosiologis sajrone panliten iki ngrembug ngenani prakara-prakara sosiologis kang kinandhut sajrone novel RNB. Novel RNB anggitane Narko nggambarake budaya paternalistik sajrone masyarakat Jawa, mligi sajrone kulawarga.

Masyarakat Jawa mujudake masyarakat kang nganut budaya paternalistik. Jroning budaya paternalistik, wong lanang dianggep luwih kuwasa tinimbang wong wadon nganti perane wong wadon mung dianggep jejangkep wae.

Kahanan kang mangkono mau uga katon sajrone novel RNB, akeh banget gegambaran budaya paternalistik kang dicritakake dening pengarang ing antarane wong lanang patrape kasar, ngopeni anak kuwajibanane wanita, wong lanang nengenake “okol” tinimbang “akal”, lan wong lanang ora ngajeni wanita.

a. Wong Lanang Patrape Kasar

Jroning novel RNB, rumah tanggane Anisah lan Purnomo ngalami reruwet nalika Pur kena PHK lan Pur nganggur nganti sawetara wektu saengga ora duwe penghasilan. Anisah minangka bojo wis lumrah yen njaluk jatah ekonomi, nanging Pur ora bisa netepi panjaluke sing wadon. Kanggo nutupi kakurangan iku, Pur malah nesu, rembuge kasar, kepara malah ngelok-elokake Anisah.

Babagan kasebut bisa dideleng nalika Anisah ngrembug dhuwit blanja, Pur malah nesu. Miturut Pur, dhuwit blanja sing diwenehake saben sasi marang Anisah wis turah-turah kanggo mangan lan jajane Faza.

“Cukup, Nis! Ra usah kok terusne ngrembug anak lan blanja. Kowe tak blanja

seminggu satus seket ewu kuwi sakarepmu lekmu nggunakne. Dhuwit samono kuwi ora sethithik hlo, Nis! Total luwih saka setengah juta hlo sesasine. Meh sakjuta kui akeh. Semono akehe mung ngge tuku jajane Faza lan ngge mangan. Wis turah-turah!” (Budiman, 2013:41)

Yen wong lanang dituntut tanggungjawab ekonomi dening sing wadon kuwi lumrah-lumrah wae jalaran wong lanang nduweni tanggungjawab kanggo nyukupi kabutuhane kulawargane. Apa maneh yen kaya paraga Anisah kalungguhane minangka jejere ibu rumah tangga sing ora nyambut gawe. Anggone dheweke oleh dhuwit mung saka Purnomo.

Anggone Anisah nuntut supaya Pur tanggungjawab marang kulawargane jalaran sesasi Anisah mung diblanja pas-pasan dening Pur. Dheweke uga ora nyambut gawe lan ora duwe kasil apa-apa. Miturut Anisah sesasi diblanja nem atus seket ewu iku pas-pasan ora ana turahe jalaran kanggo jajane Faza lan mangan saben dinane iku wis ngempet. Apa maneh yen ajeg Pur mulih, njaluke mangan iwak sing enak-enak.

Anisah meneng cep klakep. Bener Pur menehi dhuwit saben minggune satus seket ewu, ateges saben dina selawe ewu. Total sesasi nem atus ewu. Akeh. Anisah ngrumangsani yen ora duwe kasil apa-apa. Nanging Pur ngijir jare wis turah-turah. Aduhh, gek turah pira? Jajane Faza saben dina ora kurang saka sepuluh ewu. Ngge blanja pawon limang ewu wis ngempet. Pur yen ngepasi ana ngomah mangane njaluk sing enek “amis-amisane”. Iwak pitik kudu enek! Yen ora ngono, upama Anisah ora nggoreng ayam, Pur ajeg mak-klepat metu ijen njujug lesehan ayam bakar Mahkota, etas RSI kae. Mangan telap-telep, ijen! (Budiman, 2013:41-42)

Minangka wanita Jawa, Anisah mung bisa nampa sakabehing kahanan kang dumadi jroning rumah tanggane. Pur minangka kepala kulawarga nuduhake yen ora tanggungjawab marang kabutuhan ekonomi kulawargane. Nanging anggone Anisah nuntut malah ndadekake Purnomo kasar marang Anisah. Anisah mung bisa sabar lan ngalah marang tumindake Pur sing mesthi nglarani atine, senajan ta patrape Pur kuwi kasar lan tumindake sawiyah-wiyah marang dheweke. Kejaba kuwi Anisah pancen bojo sing nriman, dheweke tansah nrima senajan dijatah dhuwit blanja dening Pur pas-pasan. Posisi wong lanang kang nduweni kakuwatan ekonomi

ndadekake wong lanang tumindak sawiyah-wiyah marang wong wadon.

Konsep patriarki muncul amarga wong lanang ngrasa luwih kuwat tinimbang wong wadon. Wong lanang ngrasa paling kuwasa jroning kulawarga, saengga wong lanang rumangsa bisa tumindak sawiyah-wiyah marang wong wadon.

b. Ngopeni Anak Kuwajibane Wanita

Kulawarga inti iku dumadi saka bapak ibu (wong tuwa) lan anak. Kuwajibane wong tuwa yaiku ngopeni lan ndhidhik anak. Sajrone kulawarga wong tuwa nduweni peran wigati tumrap anake, supaya bisa dadi anak sing nduweni kapribadhen becik. Anak mbutuhake tresna asih saka wong tuwane.

Sajrone novel RNB digambarake yen ngopeni anak kuwi kuwajibane wong wadon. Jroning patriarki, wong wadon diwatesi anggone nyambut gawe, pagaweyane wong wadon mung cukup sajrone omah kayata masak, resesik omah, sarta ngramut anak lan bojo ana ngomah.

Faza sing lagi umur limang taun kuwi luwih raket marang ibune tinimbang bapake. Senajan Purnomo libur anggone mergawe, nanging dheweke ora nggatekake utawa nggulawenthah Faza. Ing perangan crita “rembulan tanggal loro”, digambarake pengarang sikape Pur marang Faza ora samesthine. Nalika Faza ngajak mlaku-mlaku menyang alun-alun, Pur nuduhake patrap ora peduli.

Semono uga tumrap Purnomo saiki luwih sensitive lan egois. Babagan sepele wae, tuladhane Faza ngajak mlaku-mlaku neng alun-alun wae Purnomo wis nuduhake watak asline. (Budiman, 2013:22).

Jejodhohan antarane Pur lan Anisah katon yen ora ayem, uga antarane merga Pur ora gati marang anake. Sesambungan antarane anak lan bapak ora rumaket. Sawijine dina Pur mangan iwak bakar, dheweke ora kelingan anak sing isih cilik. Pur mangan dhewe ana warung, mulih-mulih ora mbontot kanggo anake lan bojone. Nanging ganda iwak bakar ing tangane malah dipamerake anake, lan kuwi lelakon sing nggregetna tumrap Anisah.

Anisah mung isa ngelus dhadha yen Pur mulih-mulih ajeg pamer ambune ayam bakar ing tangan lan sapu tangane. Faza isih cilik, jelas ora ngerti yen bapake tas mangan ayam bakar tanpa ngajak dheweke lan ibune. Faza uga ora peduli najan bapake mulih saka depot lesehan mau tangane mung nggegem kontak mobil, kothang-kathung ora nggawa panganan apa-apa kanggo dheweke apa ibune! (Budiman, 2013:42).

Isih akeh kadadeyan-kadadeyan liyane jroning novel RNB kang nggambarake patrape Purnomo minangka bapak kang ora preduli marang anak. Pur masrahake panggulawenthah anak marang ibune, nanging Anisah tansah diluputake dening Pur. Anggone Anisah ndhidhik Faza dianggep ora bener.

Kahanan mangkono iku nuduhake yen novel RNB kepengin nggambarake patriarki, wong lanang tugase golek nafkah, dene wong wadon tugase ana ing omah, antarane sumur, kasur, macak, manak, lan masak. Babagan kasebut nuduhake yen wong wadon dicitrakake minangka *kanca wingking* sing ora nduweni hak kanggo ngurusi samubarang ing sanjabane omah, jalaran urusan sing sanjabane omah mujudake wilayahing wong lanang.

c. Wong Lanang Nengenake “Okol”

Sajroning kanyatan, wong lanang isih kerep nengenake okol tinimbang akale jalaran wong lanang nganggep yen dheweke nduweni kakuwatan kang luwih. Akal isih ngalahake okol saengga napsu ngrasa paling kuwasa kang sejatine kerep ndadekake wong lanang ora bisa ngleksanakake tugas kepamimpinane kanthi becik, saengga bojo utawa anggota kulawarga liyane dianggep minangka barang banjur wong lanang bisa tumindak sawiyah-wiyah. Umume yen wong lanang nengenake okol bisa nuwuhake *kekerasan dalam rumah tangga* (KDRT).

Semono uga sajrone novel RNB kang nggambarake KDRT sajrone rumah tanggane paraga Anisah lan Purnomo kang kebak prakara. Kekerasan sing dialami Anisah awujud kekerasan ekonomi, fisik, lan psikis utawa simbolis.

KDRT dumadi wiwit Purnomo kena PHK. Dheweke di PHK jalaran reregan property mundhak saengga kudu ana penyusutan karyawan. Wiwit di PHK sikape Pur luwih sensitif lan kerep uring-uringan. Kanthi sikap sing kaya mangkono ndadekake anane prakara sing nuwuhake KDRT.

Anisah meneng cep klakep. Bener Pur menehi dhuwit saben minggune satus seket ewu, ategese saben dina selawe ewu. Total sesasi nem atus ewu. Akeh. Anisah ngrumangsani yen ora duwe kasil apa-apa. Nanging Pur ngijir jare wis turah-turah. Aduhh, gek turahe pira? Jajane Faza saben dina ora kurang saka sepuluh ewu. Ngge blanja pawon limang ewu wis ngempet. Pur yen ngepasi ana ngomah mangane njaluk sing enek “amis-amisane”. Iwak pitik kudu enek! (.....) (Budiman, 2013:42).

KDRT sing dialami dening Anisah awujud *kekerasan ekonomi*, tegese wujud kekerasan sing ditindakake dening wong lanang kanthi ora menehi

materi (dhuwit) sing cukup. Semono uga paraga Anisah sing ora diblanja Pur. Bab kasebut katon nalika Anisah mung diblanja pas-pasan dening Pur.

Sajrone novel iki uga ngandut KDRT kang awujud *kekerasan psikis* utawa simbolis. Kekerasan psikis katon nalika Anisah urun rembug marang Pur ngenani batur kanggo ewang-ewang ing countere. Anisah urun rembug supaya Puah utawa Alifi dadi pelayan ing countere jalaran sing ngladeni Pur ijen. Puah lan Alifi isih sedulur cedhak karo Pur. Nanging urun rembuge Anisah ora disarujuki lan gunemane gawe abange kuping. Tembung kasar kang diucapake minangka wujud *kekerasan psikis* kanthi nglarani sacara verbal.

“Halah,... Ora usah! Ngurangi pengangguran apa, iya lek ra diapusi bocah-bocah kuwi!”

“Mas!? Aja dhawuh ngono! Apa iya sedulur dhewe gelem kaya sing panjenengan kuwatirake kuwi?”

“Kowe kuwi lek mesthi, Nis! Wislah, ra usah ngrembug batur-baturan telek mbletheng!” Ulate Pur peteng maneh. Ndudut rokok saeler terus disumet. Sikile mendhingkrang. Pega metu saka lambene sing ireng. Kebal-kebul. (Budiman, 2013:49).

Saliyane kekerasan psikis, uga dumadi *kekerasan fisik*. Babagan kasebut katon nalika Pur meksa Anisah supaya mulih menyang omahe. Prakara kang ndadekake Pur kesetanan kuwi ora dimangerteni dening Anisah. Dheweke ora ngerti apa kang njalari Pur tumindak kaya mangkono. Wong tuwane Anisah uga ora mangerteni apa kang dumadi sabener.

“Mulih! Ayo mulih!” suwarane Pur nesu.

“Mas?”

“Ra usah takon! Ayo mulih!” pangajake Pur kasar. Tangane ngglandhang lengene bojone banter. Anisah sing ora ngerti kethang-kimpule disendhal-sendhal lengene. Faza nganti meh uwal saka gendhongane.

“Mas! Ana apa iki?” takone Anisah semu njerit.

“Mengko teka ngomah ae!” tangane sing pengkuh kuwi nggeret bojone. (Budiman, 2013:103).

Kadadeyan-kadadeyan KDRT sajrone rumah tanggane Anisah lan Purnomo ora mung tekan kono wae, nanging isih akeh kadadeyan-kadadeyan liyane sing nuduhake anane KDRT. Kahanan sing kaya mangkono nggambarake ora kasile wong lanang minangka kepala rumah tangga mangun kahanan kulawarga sing tentrem

tumrap anggota kulawargane. Kanthi anane KDRT sesambungan sajrone kulawargane ora ana *kehangatan emosional* lan katentreman. Bab kasebut uga nuduhake yen wong lanang nduweni pamawas menawa kalungguhane wong wadon luwih asor tinimbang dheweke. Wong wadon sing dianggep minangka jejangkep lan kalungguhane ana ing sangisore wong lanang, bisa nuwuhake sawernane *kekerasan* tumrap wong wadon.

Gegambarane wong lanang sing kaya mangkono nggambarake yen anggone wong lanang ngadhepi konflik sing dumadi sajrone kulawargane, sing ditengenake ora liya okole tinimbang akale. Jalaran wong lanang nduweni kakuwatan kang luwih tinimbang wong wadon. Tumindake wong lanang sing kaya mangkono mujudake tumindak kang sawiyah-wiyah marang wong wadon. Wong lanang kalungguhane minangka pihak kang nduweni wewenang apa wae tumrap wong wadon. Saengga wong lanang nengenake okole tinimbang akale.

d. Wong Lanang Ora Ngajeni Wanita

Saben wanita pengin diajeni dening sisihane, ora diremehake, ora disiya-siya, ora dipularasa, ora dilarani atine. Minangka manungsa lumrah, wanita pengin ditresnani, diajeni, diayomi sacara manusiawi.

Gegambaran ideal mau malah tinemu kosok baline jroning novel RNB. Paraga Anisah ora diajeni dening Purnomo. Apa sing ditindakake dening Anisah tansah luput. Yen Anisah nyuwara, Pur nganggep yen Anisah wani marang dheweke. Suwalike, yen Pur sing nyuwara, ukarane tansah nglarani atine Anisah. Anisah mung bisa meneng lan manut marang prentahe bojone. Apa sing dikarepake dening Pur tansah dituruti dening Anisah. Patrape Pur sing kaya mangkono nuduhake yen Anisah ora ana ajine tumrap Pur.

Mung sakecap wae, ora ana benere. Dianggep mbalela kek, ndhikte kek, wani karo wong lanang kek, lan kek-kek-kek liyane sing banget ngabangke kuping! Saben ana ngomah Pur arang nyuwara, sepisan pindho ngomong kanggo Anisah ukarane nylekit. Manasi ati. Nglarani ati wadone (.....) (Budiman, 2013:23).

Sejatine wong lanang kudu bisa gawe ayem atine wong wadon (bojo). Wong lanang kudu bisa menehi kabutuhan lair batin marang bojone. Saengga anggone ngrumat rumah tangga bisa ayem tentrem tanpa anane prakara. Kanthi menehi kabutuhan lahir lan batin, wanita ngrasa yen dheweke dianggep minangka bojo jalaran kabutuhan lair batin mujudake tandha tresnane wong lanang sing nduweni tanggungjawab marang bojone.

Ing sawijine dina nalika Anisah regejegan karo Pur, dheweke dipularasa dening Pur nganti arep njungkel.

Ing kahanan sing kaya mangkono dheweke rumangsa disiya-siya Pur. Lelakone Pur kaya mularasa kewan kang ora ana ajine.

Meh wae Anisah tiba njungkel. Begjane ana meja kena kanggo njagang tangane. Rambute Anisah modhal-madhul. Mbrabak praupane Anisah. Ilang ayune! Sejatine Anisah wegah nyawang praupane Pur, apa maneh ing wektu nesu ngene iki. Nanging sing iki seje. Kepek! Awake wis rumangsa disiya-siya! Dipularasa kaya kewan. Tanpa aji. Apa maneh ing sacedhake anake. Anisah rumangsa diremehake. (Budiman, 2013:107).

Isih akeh kadadeyan-kadayan sing nuduhake patrape paraga Purnomo sing ora ngajeni Anisah. Apa sing ditindakake dening Anisah tansah ora nate oleh kawigaten saka Purnomo. Babagan kasebut bisa dideleng saka patrape Purnomo sing wis ora nate ngregani asil masakane, senajan ta Anisah wis upaya kanggo nglakoni kuwajiban lan tanggungjawab minangka bojo.

Kahanan mangkono mau mujudake gambaran yen masyarakat Jawa nganut budaya paternalistik. Wong lanang luwih kuwasa tinimbang wong wadon. Babagan kasebut njalari wong lanang ora ngregani wong wadon, wong lanang tumindak sawiyah-wiyah marang wong wadon.

3. Pigunane Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*

Tanggapan masyarakat tumrap karya sastra isih minim. Miturut masyarakat, karya sastra minangka samubarang kang ora sepira penting. Sejatine karya sastra nduweni maneka warna piguna sajrone panguripan sosial masyarakat, amarga sastra minangka produk sosial masyarakat. Fungsi sastra yaiku minangka *dulce et utile*, yaiku sastra minangka panglipur lan piwulang (Horace sajrone Wellek & Warren, 1990:316).

Novel RNB kang nyritakake rumah tanggane Anisah lan Pur, mujudake karya fiksi kang ora adoh karo kanyatan saengga kalebu jinise novel realis. Minangka novel realis, novel kasebut nduweni piguna tumrap pamacane. Novel iki diripta dening pengarang ora mung kanggo nglipur, tegese ora mung nyuguhake panglipur lumantar crita naratif nanging uga migunani tumrap pamacane, ing antarane minangka sarana hiburan, minangka sarana piwulang lan minangka gegambarane masyarakat Jawa kang ngugemi budaya patriachal.

a. Minangka Sarana Hiburan

Sastra kang nduweni fungsi bisa menehi panglipur tumrap masyarakat amarga ngandhut unsur kaendahan. Crita bab rumah tangga, pait getire wong jejodhohan, kang dirakit kanthi runtut lan gamblang nuwuhake rasa penasaran, bungah, sedhih, lan sapanunggalane. Novel RNB nyritakake maneka warna lelakon kang disuguhake

dening pengarang ngenani panguripane wong jejodhohan. Pengarang nyuguhake lelakon kang bisa nuwuhake rasa penasaran lan maneka warna pitakonan saka pamacane. Nalika pengarang nyuguhane wacana crita sing nyenengake, pamaca uga bisa seneng. Suwalike, nalika pengarang nyuguhake wacana crita susah, pamaca uga bisa susah. Saliyane iku pamacane uga oleh pengalaman saka lelakon kang disuguhake dening pengarang.

b. Minangka Sarana Piwulang

Sastra nduweni fungsi piwulang amarga asipat ndhidhik lan ngandhut unsur kabecikan. Sajrone novel RNB ngandhut piwulang kang asipat ndhidhik. Piwulang kasebut bisa kawawas saka nilai moral kang kinandhut sajrone novel. Pamawas ngenani moral kang becik lan ala bisa dadi patuladhan tumrap pamacane. Nilai moral kang kinandhut sajrone novel RNB digambarake marang paraga Anisah, yaiku sepisan sipat manut, Anisah minangka paraga wanita kang nduweni sipat manut marang prentahe wong tuwa lan bojone. Apa sing diprentahake dening wong tuwane lan bojone tansah dilakoni. Miturut masyarakat Jawa Sipat manut minangka salah sawijining sipat utama kang kudu diduweni dening wong wadon. Kapindho, yaiku sabar, paraga Anisah tansah sabar ngadhepi prakara-prakara kang diadhepi sajrone bale somahe. Lan uga tansah sabar ngadhepi bojone sing kerep tumindak kasar lan sawiyah-wiyah marang dheweke. Dene nilai moral katelu yaiku ngajeni bojo, Anisah tansah ngajeni bojone senajan bojone kuwi kerep tumindak kasar lan ora nate ngajeni utawa ora nganggep dheweke minangka bojone. Sipat ngajeni bojo ditindakake Anisah lumantar pocapan kang lemah-lembut, sopan, lan nglayani Pur kanthi becik.

c. Minangka Gegambarane Masyarakat Jawa kang Ngugemi Budaya Patriachal

Sajrone masyarakat Jawa, wong lanang isih nganut budaya paternalistik. Kalungguhan lan perane wong lanang luwih onjo tinimbang wong wadon. Wong wadon sajrone masyarakat Jawa tansah bekti lan manut marang wong lanang. Bab kasebut nuduhake yen wong lanang luwih kuwasa tinimbang wong wadon. Sajrone kulawarga, kalungguhane wong lanang luwih dhuwur yaiku minangka kepala kulawarga. Dene kalungguhane wanita minangka garwa, lan uga minangka jejere ibu rumah tangga sing nglairake, njaga, lan uga ngrumat anak saengga kalungguhane wong wadon luwih asor tinimbang wong lanang.

Anane budaya paternalistik sajrone kulawarga bisa njalari tuwuhing maneka warna prakara, ing antarane wong lanang patrape luwih kasar marang sing wadon, wong lanang ora ngajeni sing wadon, lan liya-liyane. Sajrone kulawarga wong wadon uga dianggep mung jejangkep wae. Sakabehing kaputusan ditemtokake dening wong lanang. Miturut sistem patriarki, mung

wong lanang kang nduweni hak dadi pamimpin jroning kulawarga lan masyarakat.

Babagan kasebut bisa dideleng saka patrape paraga Purnomo sing kasar lan sawiyah-wiyah marang paraga Anisah. Patrape Purnomo sing kaya mangkono ndadekake Anisah minangka garwa ora ana ajine. Semono uga tanggungjawab omah lan anak, uga dipasrahake marang Anisah. Senajan patrape Purnomo kaya mangkono, minangka bojo, Anisah tansah ngajeni Purnomo minangka kepala kulawarga.

Wong wadon sajroning konteks budaya Jawa bisa dideleng saka unen-unen *kanca wingking* utawa *swarga nunut neraka katut*, tegese manawa peran wong wadon mung diwatesi sajrone ranah dhomeistik kayata pawon, sumur, lan kasur, saengga wong lanang dianggep nduweni nilai kang luwih dhuwur tinimbang wong wadon.

PANUTUP

Dudutan

Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* mujudake karya sastra ana sambung rakete karo panguripan ing masyarakat, nyritakake ngenani panguripane wong jejodhohan kang kebak prakara-prakara sosial.

Tema kang kinandhut sajrone novel RNB yaiku konflik rumah tangga jalaran beda-bedane watak antarane Anisah lan Purnomo. Bedane watak antarane Anisah lan Pur, paraga baku jroning novel kasebut, njalari tuwuhing maneka warna prakara sosial sajrone rumah tanggane.

Saliyane paraga baku ana paraga tambahan kanggo nyengkuyung dalane crita, yaiku Jadmiko lan Septiani. Anane paraga-paraga tambahan mau, crita ngenani lelakone Anisah dadi muyeg, saengga nuwuhake tegangan (suspense) kang sambung-sinambung kaya ora ana enteke. Solah bawane paraga, pamikirane paraga, utawa saka tuturan langsung pengarang kang nuduhake wewatekane paraga.

Novel RNB nggunakake alur maju, progresif, linier minangka alur baku. Nanging sajrone alur baku uga kesisipan alur mundur ing perangan ngarep kang nyritakake mula bukane anane sesambungan antarane Anisah lan Jatmiko. Saliyane iku uga nyritakake mula bukane Anisah lan Purnomo jejodhohan.

Konflik sajrone novel RBN kuwi werna-werna, ana konflik internal lan eksternal. Konflik internal dumadi antarane Anisah lan Purnomo jalaran watake Pur sing sawiyah-wiyah marang Anisah. Dene konflik eksternal dumadi antarane Purnomo karo kahanan sanjabane rumah tanggane. Konflik eksternal diwiwiti saka Pur kena PHK. Klimaks saka konflik sajrone rumah tanggane Anisah lan Pur yaiku tepunge Anisah lan Septiani ing rumah sakit. Sawise kadadeyan kuwi Pur ditangkep polisi jalaran dadi pengedar sabu-sabu. Konflik

eksternal njalari konflik internal saengga konflik rumah tanggane Anisah lan Purnomo saya ruwet.

Novel RNB nggunakake kelir panggonan kang jembar lan sipate umum, yaiku kutha Tulungagung, Blitar, lan Malang. Kelir panggonan kang sipate khusus uga digunakake kayata omah, cafe, depot, sekolah, warung lesehan Dewi Ratih, lan rumah sakit. Kanthi mangkono, gegambarane kelir sajrone novel iki asipat dinamis. Sasuwene novel iki dicritakake mbutuhake wektu kurang luwih nem taun. Ing crita kasebut ora dicritakake kanthi cetha ngenani kelir wektune, uga ora nyritakake sakabehing kadadeyan-kadadeyan sing dumadi tumrap paraga-paragane, nanging dipilih kadadeyan-kadadeyan tartamtu sing nduweni gegayutan karo alur. Dene kelir sosial budaya ing novel iki nggambarake panguripan sosial budaya gandheng cenenge karo panguripane paraga baku lan paraga tambahan. Novel iki nggambarake kelir sosial budaya dagang lan tani, sing isih ngugemi paribasan.

Kawawas saka babagan sosiologis ana maneka warna prakara-prakara sosial sajrone crita. Prakara-prakara sosial ndadekake rumah tanggane paraga Anisah lan Purnomo ora ayem. Prakara-prakara sosial sing dumadi sajrone bale somah, yaiku wong lanang patrape kasar, ngopeni anak kuwajibane wanita, wong lanang nengenake “okol” tinimbang “akal”, lan wong lanang ora ngajeni wanita. Sajrone novel iki wong lanang digambarake luwih kuwasa tinimbang wong wadon, nganti perane wong wadon mung dianggep jejangkep wae. Kahanan sing kaya mangkono menehi gambaran yen budaya masyarakat Jawa isih ngugemi budaya paternalistik utawa patriarki. Konsep patriarki muncul amarga wong lanang ngrasa luwih kuwat tinimbang wong wadon.

Kang pungkasan novel RNB nduweni piguna tumrap pamacane kang cocog karo slogan, yen sastra kuwi nduweni fungsi *dulce et utile*, wujud sastra minangka panglipur lan piwulang. Novel iki diripta dening pengarang ora mung kanggo nglipur, tegese ora mung nyuguhake panglipur lumantar crita naratife nanging uga migunani tumrap pamacane, ing antarane minangka sarana hiburan, minangka sarana piwulang lan minangka gegambarane masyarakat Jawa kang ngugemi budaya patriachal. Minangka sarana hiburan, tegese karya sastra iku ngandhut unsur kaendahan kanthi nyuguhake adhegan-adhegan kang bisa narik kawigaten tumrap pamacane. Minangka sarana piwulang, tegese karya sastra asipat ndhidhik lan ngandhut unsur kabecikan. Piwulang kaebut bisa kawawas saka nilai moral yaiku manut, sabar, lan ngajeni bojone. Dene minangka gegambarane masyarakat Jawa, tegese gegambarane masyarakat Jawa kang nganut budaya paternalistik utawa patriachal. Kalungguhan lan perane

wong lanang luwih onjo tinimbang wong wadon. Wong wadon sajrone masyarakat Jawa tansah bekti lan manut marang wong lanang. Sajrone kulawarga, kalungguhane wong lanang luwih dhuwur yaiku minangka kepala kulawarga. Dene kalungguhane wanita minangka garwa, lan uga minangka jejere ibu rumah tangga sing nglairake, njaga, lan uga ngrumat anak saengga kalungguhane wong wadon luwih asor tinimbang wong lanang.

Pamrayoga

Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* nggambarake panguripane wong jejodhohan. Sajrone jejodhohan kasebut ngandhut maneka warna prakara sosial.

Panliten kang ditindakake iki nggunakake ancangan intrinsik. Analisis sosiologis jroning panliten iki uga mung winates kang sinerat lan sinurat jroning teks. Mula saka iku, saiba becike yen ana panliti liya kang kesdu nindakake panliten kanthi nggunakake ancangan ekstrinsik saengga sesambungan antarane teks lan konteks dadi luwih cetha.

DAFTAR PUSTAKA

- Budiman, Narko “Sodrun”. 2013. *Rembulan Ndhuwur Blumbang*. Yogyakarta : Azzagrafika.
- Damariswara, Rian. 2012. *Kawicaksanan Jawa Sajrone Cerbung Waela Reriptane Ismoe Rianto (Tintingan Sosisologi Sastra)*. Skripsi tidak diterbitkan.
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta : Departemen Pendidikan & Kebudayaan.
- Hartatik. 2008. *Citra Guru Dalam Cerkak yang Dimuat Pada majalah Panjebur Semangat Tahun 2006-2008 (Kajian Sosisologi Sastra)*. Skripsi tidak diterbitkan.
- Kristiyanto, Eddy. 2005. *Sinar Sabda Dalam Prisma : Hermeneutika Kontekstual*. Yogyakarta : Kanisius.
- Memiat. 2007. *Perselingkuhan Dalam Novel Jawa Modern (Pendekatan Sosiologi Sastra)*. Skripsi tidak diterbitkan.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya : University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Wellek, Warren. 1990. *Teori Kesusatraan*. Jakarta : PT Gramedia.